

Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

**Buku Siswa**

# Tantri Basa

Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
Muatan Lokal Bahasa Daerah
Provinsi Jawa Timur
Lan KTSP 2013


**Tim Panyusun**
**Dra. Agus Windarti, M.Pd.**
**Drs. Samsul Hadi**
**Drs. Davit Harijono, M.Pd.**
**Dra. Mistiyah, M.M.Pd.**

**Editor/Penyelia :**
**Dra Sri Sulistiani, M.Pd.**
**Drs. Bambang Purnomo, M.S.**
**Drs Sukarman, M.Si.**


## Kelas 2

Tantri Basa



**Tim Penyusun**:

Dra. Agus Windarti, M.Pd.

Drs. Samsul Hadi

Drs. Davit Harijono, M.Pd.

Dra. Mistiyah, M.M.Pd.

Editor/Penyelia : Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Bambang Purnomo, M.S.
Drs. Sukarman M.Si.

Desain/Lay Out : Latif Nur Hasan, S.Pd, M.Pd.
Desain/Lay Out cover: Rahmat Santosa, S.Pd. M.M.
Penerbit : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur
Isi : xii, 152 hal

**ISBN 978-602-404-016-1 (no.jil.lengkap)**
**ISBN 978-602-404-018-5 (jil. 2)**

## KATA PENGANTAR

## KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku “**Tantri Basa**” sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran Bahasa Daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadaan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim Internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan Bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.

Surabaya, Agustus 2016
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,




Dr. Saiful Rachman, MM.,MPd
Pembina Utama Madya
NIP. 19590503 198503 1 018

## Atur Sapala

Isinipun buku ***"Tantri Basa"*** punika sampun katitipriksa dening para ahli Basa Jawi saking *Universitas Negeri Surabaya (Unesa).* Dene panyerating buku sampun dipunadani dening para sutresna sarta alumnus Universitas Negeri Surabaya (Unesa). Isi umumipun sampun katiti priksa dening **Drs. Sukarman, M. Si.** (*Ketua Tim Penyusun Kurikulum Bahasa Daerah Kantor Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Timur lan Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni (FBS), Universitas Negeri Surabaya* ). Wondene babagan Kebahasaan (Linguistik), Sastra, lan Metodologi Pembelajaran sampun dipuntitipriksa dening **Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.** (*Ketua Jurusan, Dosen Bahasa, Sastra, dan Metodologi Pengajaran* saking *Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni FBS, Universitas Negeri Surabaya - Unesa*).

Kanthi asil paniti priksa kasebat dipunajab sageda buku ***"Tantri Basa"*** punika murakabi kangge srana sinau Basa Jawi tumrapipun para siswa. Kejawi punika, ingajaban ugi sageda mbiyantu para kadang dwija anggenipun memucal saha nggulawenthah siswa-siswinipun ing jagading piwucalan Basa Jawi.

Laras kaliyan owah-gingsiripun kurikulum pendhidhikan, buku punika sampun kacundhukaken kaliyan ***Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mulok Bahasa Daerah 2013***. Asil paniti priksa nedhahaken bilih isinipun buku punika sampun laras kaliyan kurikulum enggal ingkang dipunginakaken ing sekolah-sekolah wekdal samangke. Isinipun buku punika kabiji sampun dipun serat kanthi lelandhesan Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Kompetensi Inti (KI) lan Kompetensi Dasar (KD), sarta ngginakaken paugeran ingkang sampun dipunrantam dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*.

Mugi-mugi wontenipun buku punika saged mbiyantu para siswa, kadang dwija, lan sutresna Basa Jawi, anggenipun marsudi basa, sastra, lan kabudayan Jawi. Tundhanipun sageda basa, sastra, lan kabudayan Jawi ngrembaka lan lestari.

Surabaya, Agustus 2016
Paniti Priksa
**Drs. Sukarman, M. Si./**
**Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.**

---

(Ketua dan Wakil Ketua Tim Penyusun
Kurikulum Mulok Bahasa Daerah
Kanwil Dinas Pendidikan dan Kebudayaan
Provinsi Jawa Timur 2014

## Atur Pangiring

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit kanthi berkahipun panyerat sampun saged nyekapaken panganggiting buku Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** kangge para siswa Sekolah Dasar ( SD) / Madrasah Tsanawiyah (MI). Perlu kawuninganan, wiwit taun pelajaran 2014/2015, piwucalan Basa Jawi SD/MI sampun ngginakaken kurikulum enggal inggih punika *KTSP Mulok Bahasa Daerah 2013*. Alelandhesan Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 ***"Mata Pelajaran Bahasa Daerah Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah"*** kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran saben minggunipun. Kangge njangkepi sarana piwucalan Basa Jawi wonten SD/MI wau, panyerat nganggit buku ajar Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** punika.

Buku ***"Tantri Basa"*** kasiyapaken kangge nyengkuyung kawicaksanan KTSP 2013. Bab punika laras kaliyan Peraturan Menteri Pendidikan No. 64 Tahun 2013, ingkang ngrembag bab *Standar Kompetensi Lulusan (SKL),* ingkang paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran kedah ngginakaken acuan *Standar Kompetensi Lulusan (SKL)* lan *Kompetensi Inti (KI)* lan sarta alelandhesan paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*. Wondene *Permendikbud No. 71, Tahun 2013, ingkang ngrembag Buku Teks Pelajaran* lan *Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah,* ugi paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran ingkang dipun-ginakaken ing pawiyatan-pawiyatan kedah sampun kasusun adhedhasar KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Ewah-ewahan tumrap buku teks kedah karancang lan kasusun kanthi lelandhesan (*berbasis*) teks. Wonten ngriki, teks kawawas minangka perangan basa ingkang nggadhahi makna kontekstual. Lumantar buku punika, siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginakaken teks laras kaliyan *tujuan* lan *fungsi* sosialipun. Salebetipun piwucalan basa Jawi ingkang alelandhesan teks, pasinaon boten namung sesambetan kaliyan piwucaling teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber *aktualisasi dhiri* tumrap soksintena ingkang migunakaken bab wau, ing salebeting *konteks sosial budaya akademis*.

Wontenipun buku ***"Tantri Basa"*** punika, dipunajab sageda mbiyantu para siswa SD/MI anggenipun ngleluri dalah marsudi Basa Jawi. Kejawi punika, sageda adamel gampil lan lancaripun para kadang dwija anggenipun memucal dalah nggulawenthah para siswa-siswinipun salebeting piwucalan Basa Jawi.

Perlu kawuninganan, kajawi alelandhesan teks, pangrakiting buku punika ugi ngginakaken *Pendekatan Saintific*. Piwucalan alelandhesan teks, mawi pandom ngrembakakaken babagan (1) Piwucalan basa kawawas saking teks, boten namung kasusun kanthi munjeraken paramasastra utawi *ketatabahasaan* kemawon. (2) Piwucalan lelandhesan teks minangka proses pamilihing basa ingkang ngandharaken makna. (3) Piwucalan basa lelandhesan teks asipat

*fungsional* ingkang ateges boten saged uwal saking *konteks* ingkang mbabaraken maneka warnining *ide, karakter, nilai*, sarta ugi *idiologi* panuturipun, (4) Piwucalan basa lelandhesan teks ugi minangka sarana kangge mangun kawasisan olah pikir tumrap para siswa.

Jinising teks ingkang kaandharaken wonten ing buku punika arupi teks dheskripsi, palapuran, narasi/carita, eksposisi, eksplanasi, lan sapiturutipun. Wondene *pendekatan Saintific* ingkang kababar ing buku punika mawi *proses* ingkang sesambetan kaliyan tumindak: *Mengamati (Observing), Menanya (Questioning), Mencoba (Experimenting), Menalar (Associating), Mengkomunikasikan (Comunicating),* lan *Membentuk Jejaring (Networking).* Wondene aspek panggulawenthahing patrap ingkang dados punjering piwucalan, inggih punika kanthi nengenaken aspek *Sikap Religius, Sikap Sosial, Kognitif, lan Psikomotorik*.

Pambabaripun buku ***"Tantri Basa"*** kajawi ngandharaken *materi*, ugi sinartan *gladhen (latiyan)* kalarasaken kaliyan *Kompetensi Dasar* lan *Indikator* ingkang sampun sinerat wonten salabeting silabus. Awit saking punika, dipunajab supados saged nyekapi kangge pangukuring *kompetensi* minimal, ingkang kedah dipunkuwaosi dening para siswa. Pambabaripun buku ingkang alelandhesan teks punika, kalampahan kanthi cak-cakan: *(1) Tahap Pembangunan Konteks, (2) Tahap Pemodelan Teks, (3) Tahap Pembuatan Teks Bersama-sama,* lan *(4) Tahap Pembuatan Teks Secara Mandiri*. Kejawi materi lan gladhen, buku punika ugi dipunjangkepi "bausastra" lan "pepeling" ingkang ngandharaken teges sarta pangenget-enget dateng konsep-konsep inti, ing saben wulangan utawi bab. Kanthi mekaten perangan punika dipunajab sageda njangkepi pangrembagipun materi piwucalan, kejawi ugi kangge nambah wawasanipun para siswa.

Panyerat sampun mbudidaya murih buku punika saged sampurna, ewa semanten minangka manungsa limrah sarta awit saking winates saha cupeting kawruhipun panyerat, seseratan salebeting buku punika taksih kathah kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu-antu amrih kangge damel saenipun buku punika. Wusananing atur, mugi-mugi Gusti Ingkang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun buku punika tumrap majeng lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, Agustus 2016

Panyerat

## Dhaftar isi

**Wulangan 4 : Aku lan Sekolahku** 72




# WULANGAN 1
# URIP RUKUN

| |
|---|
| **Kompetensi Dasar** |
| 3.1 Mendengarkan, memahami, dan mengidentifikasi bunyi bahasa daerah yang didengar dengan tepat. |
| 4.1 Melafalkan bunyi bahasa daerah yang didengar dengan tepat. |
| **Indikator** |
| 3.1.1 Mengidentifikasi bunyi bahasa dari teks yang didengar.<br>3.1.2 Membedakan pelafalan bunyi bahasa daerah yang sempurna dan tidak sempurna |
| 4.1.1 Menirukan pengucapan bunyi bahasa daerah yang sempurna dan tidak sempurna<br>4.1.2 Mengartikulasikan/ mengucapkan bunyi bahasa daerah yang didengar dengan jelas.<br>4.1.3 Mengeja bunyi bahasa daerah yang didengar. |

## Mbabar wawasan

**Gambar ing ngisor iki setitekna!**




Sawise nyemak gambar kanthi premati, coba critakna apa sing ditindakake Bima karo kanca-kancane! Dhiskusia karo kanca-kancamu.

Wangsulanmu garapen ing ngisor iki.

1. ................................................................................
................................................................................
2. ................................................................................
................................................................................
3. ................................................................................
................................................................................
4. ................................................................................
................................................................................



# Pasinaon 1

## Modhel Teks Pinilih

**Sadurunge maca ayo nembang bebarengan!**

**Dhondhong apa Salak**

Dhondhong apa salak, dhuku cilik-cilik
Gendhong apa mbecak, mlaku thimik-thimik
Adhik ndherek ibu, tindak menyang pasar
Ora pareng rewel ora pareng nakal
Mengko ibu mesthi mundhut oleh-oleh
Kacang karo roti, adhik diparingi

Bocah-bocah, sawise nembang ayo ganti maca.Teks wacan ngisor iki wacanen sing titi. Anggonmu maca gatekna lafale utawa pangucapane. Yen ana sing ora bisa nyuwuna pirsa marang gurumu.


## Kulawargane Pak Wibawa

Rini saiki kelas loro.

Rini duwe adhi  jenenge Bima.

Bima isih lungguh ana ing klas siji.

Bocah loro padha sregep mbantu bapak ibune.



Bapake Bima asmane pak Wibawa.

Ibune asma bu Dewi.

Pak Wibawa ngasta dadi guru SD.

Bu Dewi bukak toko cilik-cilikan.

Tokone manggon ing ngarep daleme.

Dagangane sawernane kabutuhan kulawarga.

Kayata: beras, gula, kopi, teh, lenga klentik, uyah, lan liya-liyane.

Pak Wibawa lan bu Dewi priyayine sregep.

Kabeh pegawean dilakoni kanthi temenan.

Pegawean sing  abot ditandangi bebarengan.

Kabeh padha tulung-tinulung.

Rini lan Bima tansah rukun.

Bocah loro ora tau tukar padu.

Saben dina bocah loro budhal sekolah bareng.

Ana ngomah Rini lan Bima wis sinau ngrewangi ibune.

Pak Wibawa yen ana ndalem ya rewang-rewang.

Kabeh tumandang gawe bebarengan.

Wong saomah katon rukun banget.

Saben dina duwe tugas dhewe-dhewe.

Rini ajeg nyapu latar lan nyiram kembang.

Bima senajan isih cilik wis sinau ngrewangi mbakyune.

Bapak lan ibune seneng atine.

Putrane sregep lan rukun.

Saben-saben dhawuh marang putrane.

Urip karo sedulur, tangga, kanca kudu rukun.

Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah.

## Kawruh sapala

| | |
|---|---|
| asma | = jeneng |
| ngasta | = nyambut gawe |
| daleme | = omahe |
| lenga klentik | = lenga goreng |
| dagangan | = barang sing didol |
| ajeg | = mesthi |
| santosa | = kuwat |
| crah | = bubrah, pisah-pisah |

## Gladhen 1: Mangsuli Pitakonan Isine Wacan

**Wangsulana pitakon-pitakon iki!**

1. Sapa jenenge adhine Rini?
2. Saiki Bima kelas pira?
3. Sapa asmane bapak lan ibune Rini?
4. Bapake Bima ngasta dadi apa?
5. Tokone bu Dewi manggon ing ngendi?

6. Apa wae dagangane bu Dewi?

7. Sapa sing ora tau tukar padu?

8. Rini lagi ngrewangi apa?

9. Kapan Bima lan Rini ngrewangi bapak ibune?

10. Wong kuwi kudu rukun karo sapa wae?

## Gladhen 2: Mbedakake Pangucape Swara Jejeg lan Swara Miring

Bocah-bocah, supaya ngerti bedane pangucapane tembung rungokna tuladhane gurumu, banjur tirokna!

- Rini
- saiki
- adhi
- wedi
- tuku
- sinau
- nyapu
- padu
- sida
- rene
- Karo
- kara
- Coro
- cara

- bapak
- cilik
- wis
- adhik
- wedhi
- rukun
- lungguh
- dhawuh
- padhang
- lanang
- panas

**Gatekna katrangan ngisor iki!**

## Swara Jejeg lan Swara Miring

Swara jejeg uga diarani swara sampurna, olehe maca padha karo tulisane.

Tuladha:

1. swara a jejeg = ana, pira, sapa, mara, sega, maca
2. swara i jejeg = iki, kuwi, pipi, siti, rugi, lagi
3. swara u jejeg = luru, guru, biru, maju,tumbu
4. swara e jejeg = sate, kene, jare, kowe, lele
5. swara o jejeg = loro, belo, kilo, ijo, kono


Swara miring uga diarani swara ora sampurna manawa olehe maca owah saka tulisane.

Tuladha:

1. swara a miring = bapak, sekolah, gawe, anak
2. swara i miring = lading, adhik, dhuwit, wis
3. swara u miring = wisuh, weruh, pikun, tarung
4. swara e miring = bebek, golek, menek, tekek
   swara e pepet = wareg, wedi, geger, banger
5. swara o miring = adoh, dhondhong, terong

## Gladhen 3: Nulis Nganggo Ejaan sing Bener

Bocah-bocah, ing ngisor iki ana gambar. Setitekna, kuwi gambar apa? Ayo tulisen nganggo ejaan sing bener!

| | |
|---|---|
| **1.**  | ____________________ |
| **2.**  | ____________________ |
| **3.**  | ____________________ |

| | |
|---|---|
| **4.** | |
| **5.** | |
| **6.** | |
| **7.** | |

| | |
|---|---|
| **8.** | ______________________ |
| **9.** | ______________________ |
| **10.** | ______________________ |

## Pasinaon 2:
## Makarya Bebarengan

Wacanen teks ing ngisor iki kanthi lancar. Sajrone maca sing kudu digatekake yaiku ejaan lan

pangucape. Yen ana sing salah sajrone maca kudu padha ngelingake kancane. Tindakna kanthi sopan lan temenan. Temen kuwi bakal tinemu, tegese samubarang yen ditindakake kanthi temen-temen mengko mesthi ana asile.

## Kerja Bakti

Dina Minggu esuk, lingkungan sakiwa-tengene daleme pak Wibawa katon rame. Para warga guyup rukun nindakake kerja bakti utawa gotong royong bebarengan ngresiki dalan lan kalen. Bapak-bapak resik-resik, dene ibu-ibu nyepakake dhaharan kanggo sarapan.



Para warga anggone kerja bakti katon cukat trengginas. Ora ana sing sangga uwang. Olehe tumandang gawe disambi guyon supaya ora gampang kesel. Werna-werna piranti sing dienggo. Ana pacul, arit, cethok, sapu, lan cikrak. Bocah-bocah padha melu repot tumandang gawe. Bima, Rini, lan kanca-kancane sregep banget. Atine seneng bisa kumpul karo para warga.

Sawise kerja bakti kabeh kumpul ing latare pak Wibawa. Sarapan wis sumadiya. Dhaharan sing sumadiya wernane akeh. Ana sega pecel, lodheh, urap-urap, ayam goreng, lan isih akeh maneh jinise. Uga ana bubur kacang ijo, es blewah, lan teh anget. Ibu-ibu padha iwut ngladeni bocah-bocah. Bapak-bapak mundhut dhewe-dhewe. Kabeh dhahar bebarengan. Anggone dhahar padha katon rahap. Ing kana-kene keprungu guyune para warga. Pancen warga RT loro kelurahan Sukamaju angger

ana kegiyatan mesthi dilakoni bebarengan. Bab kuwi nuduhake yen para warga tansah guyup rukun.

## Kawruh sapala

| | | |
|---|---|---|
| daleme | = | omahe |
| katon | = | ketok |
| dhahar | = | mangan |
| cukat trengginas | = | tandange rikat |
| sangga uwang | = | meneng wae |
| piranti | = | alat |
| sumadiya | = | cumepak |
| mundhut | = | njupuk |
| rahap | = | olehe mangan seneng |

## Gladhen 1: Mangsuli Pitakonan Isine Wacan

**Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!**

1. Kapan kerja bakti ditindakake?
2. Sapa sing kerja bakti?
3. Apa sing diresiki nalika kerja bakti?
4. Kapan anggone padha kerja bakti?

5. Piranti sing dianggo kerja bakti apa wae?
6. Apa sing ditindakake sabubare kerja bakti?

## Gladhen 2: Pangucape Tembung kang Bener

Bocah-bocah, coba nglumpuka manut klompokmu. Sinaua maca bebarengan karo kanca-kancamu kanthi migatekake pangucapane. Tembung-tembung ing ngisor iki wacanen kanthi cetha!

1. minggu esuk
2. gotong royong
3. dalan lan kalen
4. cukat trengginas
5. sangga uwang
6. sega pecel
7. sayur lodheh
8. bubur kacang ijo
9. bocah-bocah
10. guyup rukun


## Gladhen 3: Ngganepi Ukara

Bocah-bocah, ukara ngisor iki genepana manut isine teks sing irah-irahane "**Kerja Bakti**". Ayo tindakna bebarengan karo klompokmu!

1. Dina..........................., lingkungan sakiwa-tengene ......... pak Wibawa .......................
2. Ibu-ibu ...................kanggo ......................
3. Bocah-bocah padha melu repot .................
4. Sawise ................ kabeh ............ ing latare pak Wibawa.
5. Bima, ....... lan ................. sregep ................

# Pasinaon 3:
# Makarya Mandhiri

**Gatekna gambar  ing ngisor iki!**

| | |
|---|---|
| Bima lan Rini nyiram kembang.  | Bima lan Rini lagi sinau.  |
|  Bima lan kanca-kancane lagi bal-balan |  Pak Wibawa kagungan putra loro |

## Gladhen 1: Nulis Ukara

Bocah-bocah, sepisan maneh gatekna tuladha gambar ing dhuwur, sabanjure tindakna prentah iki. Tulisen, iki gambar apa!

a.



Rini.............................................

b.



Bima, Eko lan.....................................

c.

Rudi.............................................

d.

Pak Wibawa.......................................

e.

Bima..................................................

f. 

Rini.....................................................

g. 

Bima lagi ............................................

h. 

Bu Dewi ................................................

i.

Agung ................................................

j.

Bima ....................................................

## Gladhen2: Maca ing Ngarep Kelas

Garapan asil tulisanmu wacanen ing ngarep kelas. Wacanen sing cetha manut ejaane!

## GLADHEN WULANGAN 1

**A. Pilihen wangsulan sing paling bener. Kanggo mangsuli soal nomer 1 – 5 wacanen teks ngisor iki!**

### Kerja Bakti

Dina Minggu esuk, lingkungan sakiwa-tengene daleme pak Wibawa katon rame. Para warga guyup rukun nindakake kerja bakti utawa gotong royong bebarengan ngresiki dalan lan kalen. Bapak-bapak resik-resik, dene ibu-ibu nyepakake dhaharan kanggo sarapan. ...............

1. Lingkungan daleme sapa sing katon rame? ....
   A. Pak Wibawa
   B. Pak Lurah

C. Pak Margono

2. Para warga lagi nindakake apa? ....

   A. resik-resik

   B. kumpul-kumpul

   C. kerja bakti

3. Sapa sing resik-resik? ....

   A. bocah-bocah

   B. bapak-bapak

   C. para warga

4. Sapa sing nyepakake dhahar sarapan? ....

   A. bocah-bocah

   B. ibu-ibu

   C. para warga

5. Kapan para warga padha kerja bakti? ....

   A. Minggu esuk

   B. Minggu sore

   C. saben Minggu

Kanggo nggarap soal nomer 6 – 10, pilihen sing bener panulise!

| | | |
|---|---|---|
| 6. | | A. petek<br>B. pitek<br>C. pitik |
| 7. | | A. payung<br>B. payong<br>C. poyong |
| 8. | | A. dumba<br>B. domba<br>C. dumbo |
| 9. | | A. bocah bares<br>B. bucah bares<br>C. bocah baris |

| | | |
|---|---|---|
| 10. | | A. kambil limo<br>B. kambil lima<br>C. kambel lima |

**B. Aranana iki gambar apa, tulisen supaya dadi ukara sing trep!**

1.




.......................................................

2.



.......................................................

3.



..........................................................

4.



..........................................................

5.



..........................................................

**C. Ukara ngisor iki genepana nganggo tembung sing wis sumadiya!**

1. Rini .............ibu tuku gula menyang toko.
2. Pak Wibawa ................ anak loro.
3. Bima lan Rini saben jam enem ........... sekolah bebarengan.
4. Dadi murid kudu manut ................ guru.
5. Toni lan Bima lagi ......... PR.

| |
|---|
| dikongkon, sinau, nggarap, dhawuhe, budhal, kagungan, diutus |

# WULANGAN 2

# DOLANAN ING LINGKUNGANKU


| **Kompetensi Dasar** |
|---|
| 3.2 Mendengarkan, memahami, dan mengidentifikasi huruf lepas untuk menulis kata dan kalimat sederhana dengan huruf tegak bersambung sesuai kaidah. |
| 4.2 Menebalkan dan menyalin huruf lepas pada kata atau kalimat sederhana menjadi kata atau kalimat dengan huruf tegak bersambung sesuai kaidah. |
| **Indikator** |
| 3.2.1 Mengidentifikasi huruf lepas untuk menulis kata<br>3.2.2 Mengidentifikasi huruf lepas untuk menulis kalimat<br>3.2.3 Menulis kata menggunakan huruf tegak bersambung<br>3.2.4 Menulis kalimat sederhana menggunakan huruf tegak bersambung. |
| 4.2.1 Menebalkan huruf lepas pada sebuah kata supaya menjadi huruf tegak bersambung.<br>4.2.2 Menyalin sebuah kata dengan huruf lepas supaya menjadi huruf tegak bersambung.<br>4.2.3 Menebalkan huruf lepas pada sebuah kalimat supaya menjadi huruf tegak bersambung.<br>Menyalin kalimat dengan huruf lepas supaya menjadi huruf tegak bersambung. |

## Mbabar Wawasan

**Ayo nembang bebarengan!**

### Padhang Rembulan

Yo pra kanca dolanan ing njaba.
Padhang mbulan padhange kaya rina.
Rembulane sing awe-awe.
Ngelingake aja padha turu sore.



Yo pra kanca dolanan bebarengan.
Ora pareng padha sikut-sikutan.
Rukun marang kanca-kancane.
Aja lali dulur lan tangga-tanggane.

## Pasinaon 1

### Modhel Teks Pinilih

**Wacanen sing cetha kanthi pocapan lan lagu sing bener!**

### Dolanan Bebarengan

Bima duwe kanca akeh.

Ana sing lanang lan ana sing wadon.

Bima ora pilih-pilih kanca.

Saben sore Bima lan kanca-kancane dolanan bebarengan.

Dolanane werna-werna.

Ana egrang, bal-balan, kasti, beteng-betengan, lan liya-liyane.

Sore kuwi bocah-bocah padha dolanan beteng-betengan.

Olehe dolanan ing latar omahe Bima.

Latare amba banget.

Bocah-bocah atine seneng.


Olehe dolanan wiwit jam telu nganti jam setengah lima.

Nalika dolanan ora ana sing tukaran.

Bocah-bocah wis ngerti yen tukaran kuwi ora apik.

Dhawuhe bu guru rukun agawe santosa.

Crah agawe bubrah.



Wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Bima kancane ana pira?

   ....................................

2. Bima dolanan karo sapa?

   .....................................

3. Bima karo kanca-kancane lagi dolanan apa?

.....................................

4. Ana ngendi olehe dolanan?

......................................

5. Rukun kuwi agawe apa?

......................................

## Gladhen 1: Nglafalake Huruf kanthi Bener

**Tembung-tembung ing ngisor iki wacanen sing cetha!**

| | |
|---|---|
| 1. kanca | 6. seneng |
| 2. lanang | 7. dolanan |
| 3. wadon | 8. santosa |
| 4. beteng-betengan | 9. crah |
| 5. pilih-pilih | 10. bubrah |

**Dhakon**



i-k-i b-i-m-a

i-k-i r-i-n-i

i-k-i s-u-t-i

i-k-i r-o-n-i

i-ki bi-ma

i-ki ri-ni

i-ki su-ti

i-ki ro-ni

iki bima

iki rini

iki suti

iki roni

iki bima lan rini

iki suti lan roni

bima lan rini duwe kanca

jenenge suti lan roni

bocah papat padha dolanan dhakon
olehe dhakon gentenan
ora ana sing tukaran

bima rini suti lan roni bocah santun
mula padha rukun
kabeh manut bapak ibu
guyup rukun ora pareng tukar padu

## Gladhen 2: Nulis Tembung

Ayo sinau nulis tembung sing becik. Supaya cetha coba delengen tuladha ngisor iki!

**Tuladha:** **Padu**

**Pa-du**

**p-a-d-u**

**pa-du**

**padu**

**Garapen kaya tuladha.**

1. dhakon = ..................................
..................................
..................................
..................................
..................................

2. kanca = ..................................
..................................
..................................
..................................
..................................

3. rukun = ..................................
..................................
..................................
..................................
..................................

4. bapak = ..................................
..................................
..................................
..................................
..................................

5. duwe = ..................................
..................................
..................................
..................................
..................................

## Gladhen 3: Nulis Ukara

Bocah-bocah ayo sinau nulis ukara sing becik. Delengen tuladha ngisor iki!

Tuladha:

**bima tuku roti**

**bima tuku roti**

**bi-ma tu-ku ro-ti**

**b-i-m-a t-u-k-u r-o-t-i**

**bi-mo tu- ku ro-ti**

**bima tuku roti**

**bima tuku roti**

**Tulisen sing becik, garapen kaya tuladha!**

1. Bocah papat santun kabeh.

.....................................................................

.....................................................................

.....................................................................

.....................................................................

.....................................................................

..................................................................

..................................................................

2. Bapak pancen sabar.

..................................................................

..................................................................

..................................................................

..................................................................

..................................................................

..................................................................

..................................................................

## Pasinaon 2: Makarya Bebarengan

Bocah-bocah rak tau sinau tembang dolanan ta. Ayo bebarengan bu guru nembangake tembang dolanan "cublak-cublak suweng". Yen perlu nembange karo diparagakake dolanane.

## Cublak-Cublak Suweng

Cublak-cublak suweng
Suwenge ting kulender
Mambu ketundhung gudel
Pak empo lera-lere
Sapa ngguyu ndhelikake
Sir sir pong dhele kopong
Sir sir pong dhele kopong



Bocah-bocah, sabubare dolanan bebarengan ayo genten sinau maca. Wacanen teks ngisor iki sing titi!

## Liburan

Unggah-unggahan wis kaleksanan. Kabeh munggah kelas. Saiki Rini kelas loro. Atine bocah-bocah padha seneng. Semono uga Bima, dheweke lan kanca-kancane duwe rencana dolanan bebarengan. Dolanan ing lapangan.

Isih esuk Bima, Eko, Tono, lan kancane wis nglumpuk neng lapangan. Kabeh nggawa egrang. Tono durung bisa nganggo egrang. Tono njaluk ajar marang kanca-kancane.

Bocah-bocah seneng atine. Padha dolanan egrang sakatege. Kabeh ngguyu-ngguyu, amarga ndelok kancane sing lagi balapan egrang padha tiba tangi. Pokoke lucu. Senajan lara kabeh nanging ora dirasakake. Pranyata dolanan egrang kuwi nyenengake.



## Gladhen 1: Maca Tembung

**Wacanen sing cetha!**

1. dolanan
2. egrang
3. lapangan

4. durung
5. lucu
6. sakatege
7. nyenengake
8. balapan
9. nglumpuk
10. ngguyu

## Gladhen 2: Mangsuli Pitakon Isine Wacan

**Wangsulana pitakon-pitakon iki!**

1. Sapa sing dolanan neng lapangan?
2. Kapan bocah-bocah padha dolanan?
3. Bima lan kanca-kancane dolanan apa?
4. Sapa sing durung bisa dolanan egrang?
5. Kena apa bocah-bocah padha ngguyu?

## Gladhen 3: Nulis Tembung *Tegak Bersambung*

Bocah-bocah, ayo sinau nulis tembung nganggo tulisan jejeg sinambung (*tegak bersambung*) sing becik. Gatekna gambar sing wis sumadiya!

Tuladha:




= Bu Dewi

Garapen kaya tuladha ing dhuwur!


1. 


= ..................................

2. 

= ..................................

3.  = ................................

4.  = ................................

5.  = ................................

## Pasinaon 3:
## Makarya Mandhiri

### Gladhen 1: Ayo Ngandeli Tulisan

Bocah-bocah, ukara sing nganggo aksara jejeg sinambung (*tegak bersambung*) iki kandelana!

Tuladha :

Bocah-bocah lagi dolanan.

Bocah-bocah lagi dolanan.

Garapen kaya tuladha.

1. Bocah kelas loro padha olahraga kasti.
2. Rini lan adhine nyuwun dhuwit kanggo tuku karet.
3. Yen dolanan aja tukaran.
4. Murid kuwi kudu taberi sinau.
5. Pitutur bapak ibu tansah digugu.

## Gladhen2: Nyalin Aksara *Tegak Bersambung*

Bocah-bocah, ukara-ukara ing ngisor iki salinen nganggo aksara jejeg sinambung (tegak bersambung). Tulisen sing rapi!

Tuladha:

Dina Minggu Ani lan Dini menyang omahe Rini.

Dina Minggu Ani lan Dini menyang omahe Rini.

1. Bima dolanan ing latar.

   ..................................................

   ..................................................

2. Tuku buku lima.

   ..................................................

   ..................................................

3. Ana dara miber.

.................................................

.................................................

4. Rini lan Susi lagi nari.

.................................................

.................................................

5. Toni duwe neker.

.................................................

.................................................

6. Bapak mundhutake raket Bima.

.................................................

.................................................

7. Padhang mbulan dolanan ing latar.

.................................................

.................................................

8. Aku duwe neker sepuluh.

.................................................

.................................................

9. Kalah dolanan ora pareng nesu.

...............................................

.................................................

10. Urip guyup rukun karo kancane.

................................................

.................................................

## GLADHEN WULANGAN 2

**A. Pilihen wangsulan sing paling bener!**

Kanggo mangsuli soal nomer 1 – 5 wacanen cakepan tembang ngisor kanthi premati!

**Padhang Rembulan**

Yo pra kanca dolanan ing njaba.
Padhang mbulan padhange kaya rina.
Rembulane sing awe-awe.
Ngelingake aja padha turu sore.

Yo pra kanca dolanan bebarengan.
Ora pareng padha sikut-sikutan.
Rukun marang kanca-kancane.
Aja lali dulur lan tangga-tanggane.

1. Nalika padhang mbulan kahanane kaya ....
   A. rina
   B. cahya
   C. bengi

2. Bocah-bocah yen dolanan ora pareng ....

   A. tukaran

   B. nesu

   C. sikut-sikutan

3. Dolanan nalika padhang rembulan kuwi ngelingake ....

   A. tanggane

   B. kanca-kancane

   C. aja turu sore

4. Ing endi bocah-bocah olehe dolanan? ....

   A. latar

   B. njaba

   C. lapangan

5. Tembang ing dhuwur nggambarake bocah sing atine lagi .....

   A. seneng

   B. susah

   C. mothah

6. Panulise tembung ngisor iki sing bener ....

   A. adhik

B. weroh

C. sumu


7. Adhik ..... dhuwit marang ibune kanggo tuku buku.

A. nyuwun

B. mundhut

C. njaluk

8. Gambar iki arane .....




A. bebek

B. banyak

C. menthog

9. Gambar iki arane ....



A. glathi

B. lading

C. wedhung

10. Putra kuwi kudu ...... dhawuhe wong tuwa.

A. wani

B. miturut

C. nulak

**B. Tulisen nganggo aksara jejeg sinambung (*tegak bersambung*).**

1. Padhang mbulan padhange kaya rina.

   ..........................................................

   ...........................................................

2. Budi tuku bal kanggo kasti.

   ..........................................................

   ...........................................................

# WULANGAN 3

# TUGASKU SABEN DINA

| **Kompetensi Dasar** |
| --- |
| 3.4 Mengamati, mengenal, memahami dan mengidentifikasi teks laporan sederhana tentang alam sekitar, hewan dan tumbuhan serta jumlahnya secara lisan dan tulis. |
| 4.4 Menyajikan teks laporan sederhana tentang alam sekitar, hewan , dan tumbuhan serta jumlahnya dengan bantuan guru secara lisan dan tulis. |
| **Indikator** |
| 3.4.1 Menjelaskan arti kata sulit yang terdapat dalam teks laporan sederhana<br>3.4.2 Menjelaskan isi teks laporan sederhana |
| 4.4.1 Menyusun teks laporan sederhana<br>4.4.2 Menceritakan kembali secara singkat isi teks laporan sederhana |

## Mbabar wawasan

**Ayo nembang bebarengan!**

### Wayah Esuk

Suk esuk jagone kluruk.
Tangi jegegah thenguk-thenguk.
Nyangking sabun kalung andhuk.
Yen sekolah ben aja ngantuk.

Wan awan ana ing pamulangan.
Nata sikil karo tangan.
Nampa wulangan sing temenan.
Mbesuk gedhe dadi panutan.

Re sore ana omahe dhewe.
Resik-resik nyapu latare.
Tandang gawe karo kulawargane.
Sayuk rukun enggal rampunge.

Coba critakna, tembang ing dhuwur isine bab apa?

Kuwajiban apa kang kudu dilakoni?

Bocah-bocah apa ya tau nglakoni apa kang kaya ing tembang?

## Pasinaon 1

### Modhel Teks Pinilih

### Dina Minggu




Kulawargane pak Wibawa pancen guyup rukun. Saben dina tandang gawe manut tugase dhewe-dhewe. Kabeh duwe tanggung jawab. Ora lali uga tulung-tinulung.

Dina Minggu pak Wibawa lan kulawarga resik-resik omah lan pekarangan. Pak Wibawa ngresiki latar. Tanduran sing ngrembuyung dipaprasi, disuda pang-pange. Bima ngrewangi bapake. Godhong lan pang sing morat-marit diklumpukne, banjur dibuwang menyang pawuhan.

Bu Dewi nyaponi jogan. Ora lali ngelapi kaca cendhela. Rini kebagean ngepel. Kabeh tandang gawe kanthi temen. Ora ana sing ngresula.

**Kawruh sapala**

| | |
|---|---|
| ngrembuyung | = akeh godhonge |
| disuda | = dikurangi |
| dipaprasi | = dikethoki |
| pang | = carang |
| pawuhan | = papan kanggo mbuwang larahan |
| jogan | = jrambahe omah |
| ngelapi | = nyrebeti |
| temen | = tenanan |
| ngresula | = sambat |

## Gladhen 1: Mangsuli Pitakonan Isine Wacan

**Wangsulana pitakon-pitakon iki sing patitis!**

1. Kulawargane pak Wibawa kepriye?
2. Kapan kulawarga pak Wibawa resik-resik?
3. Sapa sing kebagean ngresiki latar?
4. Bu Dewi nyaponi apa?
5. Sapa sing oleh tugas ngepel?

**Wacanen sing cetha!**

1. tanggung jawab
2. tulung-tinulung
3. ngrembuyung
4. dipaprasi
5. pawuhan
6. godhong
7. pang-pange
8. jogan
9. ngepel
10. ngresula

## Gladhen 2: Nulis Ukara

Bocah-bocah, coba gatekna gambar ngisor iki. Aranana lagi nglakoni apa, banjur tulisen manut ejaan sing trep!

1. 

Pak Wibawa lagi ..............................

2. 

Rini lagi ........................................

3. 


Bu Dewi lagi ..........................

4.



Bima ........................................

5.



Ibu lagi ...................................

## Gladhen 3: Nyritakake Gambar

**Nyemak gambar**

**Bocah-bocah, gambar ing ngisor iki setitekna!**

| | |
|---|---|
| 1. | 2. |
| 3. | 4. |

Bocah-bocah, gambar ing dhuwur critakna sing urut!

..........................................................................................

..........................................................................................

..........................................................................................

..........................................................................................

..........................................................................................

..........................................................................................

..........................................................................................

..........................................................................................

## Pasinaon 2:
## Makarya Bebarengan

Bocah-bocah, coba nglumpuka manut klompokmu dhewe-dhewe. Ing pasinaon iki bakal sinau bebarengan ngrampungake ukara.

**Teks wacan ngisor iki wacanen sing titi!**

### Wayah Esuk

Saben jam lima esuk Bima wis tangi.
Bima age-age mbukak cendhela kamare.
Hawane krasa seger.
Ing njaba isih katon peteng.
Jago kluruk keprungu saut-sautan.
Bima pancen bocah  sregep.
Tugas sing dadi tanggung jawabe mesthi ditandangi.
Saben esuk resik-resik kamare.

Kasur, bantal, lan guling ditata rapi.

Kemule dilempit.

Kamare Bima katon resik.

Bima tansah eling dhawuhe bapak ibune.

Wong kuwi kudu ngulinakake urip resik.

## Gladhen 1: Ngganepe Ukara ing Wacan

**Ceceg-ceceg ing teks ngisor iki rampungna manut teks sing wis kowaca!**

### Wayah Esuk

Saben ................ Bima wis ................

Bima age-age ............... cendhela kamare.

......................krasa seger.

Ing njaba isih ................ peteng.

Jago kluruk keprungu ............................

Bima pancen bocah .......................

Tugas sing dadi .................................. mesthi ditandangi.

Saben esuk Bima .................. kamare.

Kasur, bantal lan guling ................. rapi.

................. dilempit.

Kamare Bima ............ resik.

Bima tansah ................. dhawuhe bapak ibune.

Wong kuwi kudu ......................... urip resik.

## Gladhen 2: Nulis Pengalaman Pribadi

Bocah-bocah, wacan sing irah-irahane "Dina Minggu" mujudake tuladha kulawarga sing tansah urip rukun. Kabeh duwe tugas lan tanggung jawab. Saiki coba, eling-elingen pengalamanmu karo kanca-kancamu sing tansah koklakoni saben dina ing kelasmu. Tugas apa sing diparingake gurumu marang kowe lan kanca-kancamu. Gawea laporan sing prasaja wae manut pengalamanmu mau.

Tulisen bebarengan karo klompokmu kanthi urut paling sethithik rong paragraf.

..........................

........................................................................

..............................................................................

..............................................................................

..............................................................................

..............................................................................

..............................................................................

..............................................................................

...............................

........................................................................

..............................................................................

..............................................................................

..............................................................................

........................................................................

............................................................................

## Pasinaon 3:
## Makarva Mandhiri

**Setitekna gambar ngisor iki!**

| | |
|---|---|
| 1.  | 2.  |
| 3.  | 4.  |
| 5.  | 6.  |

## Gladhen1: Nulis Ukara

**Bocah-bocah ayo nyoba gawe ukara kanthi urut adhedhasar gambar ing dhuwur!**

1. Bima .........................................................
2. ..............................................................
3. ..............................................................
4. ..............................................................
5. ..............................................................
6. ..............................................................

## Gladhen 2: Nulis Paragraf

Bocah-bocah, sawise sinau gawe ukara ayo nyoba gawe laporan prasaja (*sederhana*) kanthi urut adhedhasar ukara manut sing gambar ing dhuwur. Tulisen dadi rong paragrap.

..............................................................

......................................................................

......................................................................

..............................................................

..............................................................................

..............................................................................

## Gladhen 3 : Nulis Laporan Prasaja /Sedherhana

Ing ngomah mesthine bocah-bocah duwe tugas ngrewangi utawa mbantu bapak ibu. Coba gawea laporan prasaja (*sederhana*) wae sing cocog karo tugasmu sadina-dina ing omah. Tulisen kanthi urut. Garapanmu ditulis ing paragrap, paling sethithik rong paragrap.

Papan panggarap

........................................................................

..............................................................................

..............................................................................

........................................................

........................................................................

..............................................................................

..............................................................................

## GLADHEN
## WULANGAN 3

**A. Pilihen wangsulan sing paling bener!**

Kanggo mangsuli soal no 1 – 5 wacanen sing premati teks ngisor iki!

**Wayah Esuk**

Saben jam lima esuk Bima wis tangi.

Bima age-age mbukak cendhela kamare.

Hawane krasa seger.

Ing njaba isih katon peteng.

Jago kluruk keprungu saut-sautan.

Bima pancen bocah  sregep.

Tugas sing dadi tanggung jawabe mesthi ditandangi.

Saben esuk resik-resik kamare.

Kasur, bantal lan guling ditata rapi.

Kemule dilempit.

Kamare Bima katon resik.

Bima tansah eling dhawuhe bapak ibune.

Wong kuwi kudu ngulinakake urip resik.

1. Bima saben esuk tangi jam ....

   A. telu

   B. papat

   C. lima

2. Tugas sing dadi tanggung jawabe mesthi ....

   A. rampung

   B. ditandangi

   C. akeh

3. Saben esuk Bima duwe tugas ....

   A. umbah-umbah

   B. nyapu

   C. resik-resik

4. Dhawuhe bapak ibune Bima wong iku kudu ....

   A. sregep tandang gawe

   B. ngulinakake urip resik

   C. sregep resik-resik

5. Ing wayah esuk hawane ....

   A. seger

   B. adhem

   C. panas

6. Piranti kanggo ngresiki meja arane ....

   A. sapu

   B. sulak

   C. kain lap

7. Ibu nggoreng tahu nganggo ....

   A. panci

   B. kwali

   C. wajan

8. Bapak karo ibu tindak menyang toko .... beras.

   A. tuku

   B. tumbas

   C. mundhut

9. Yen ibu repot kowe kudu .........

   A. ndelok

   B. nyawang

   C. ngrewangi

10. Saben esuk Bima nyapu latar nganggo ....

   A. sapu duk

   B. sapu sada

   C. sulak

## B. Gawea ukara manut crita ing gambar!

| No | Gambar | Ukara |
|---|---|---|
| 1. | | ................................................ |
| 2. | | ............................................. |
| 3. | | .............................................. |
| 4. | | .............................................. |
| 5. | | ............................................. |

**WULANGAN 4**

**AKU LAN SEKOLAHANKU**

| **Kompetensi Dasar** |
| --- |
| 3.4. Mengenal, memahami dan mengidentifikasi teks cerita narasi sederhana tentang kegiatan bermain di lingkungan rumah atau sekolah. |
| 4.4 Memperagakan teks cerita narasi sederhana tentang kegiatan bermain di lingkungan sekolah atau rumah. |
| **Indikator** |
| 3.4.1 Menjelaskan arti kata sulit.<br>3.4.2 Menyebutkan unsur-unsur cerita narasi.<br>3.4.3 Mengidentifikasi pokok-pokok cerita.<br>3.4.4 Menjelaskan isi teks cerita narasi sederhana |
| 4.4.1 Menulis teks percakapan berdasarkan teks cerita narasi.<br>4.4.2 Memperagakan teks percakapan.<br>4.4.3 Menanggapi penampilan kelompok lain. |

## Mbabar wawasan

**Ayo nembang bebarengan!**

Tembang ing ngisor iki tembangne kaya tembang "Padhang Rembulan".



Ayo kanca enggala siyaga,
Buku potlod sarapan wis
sumadya,
srengengene sing ngawe-awe,
Ngelingake aja lali
kewajibane.

Ayo kanca sinaua sing tata,
Niat suci aja wedi rekasa,
Nyamektakke jiwa ragane,
Nengenake jujur sregep ing panggawe.

## Pasinaon 1

### Modhel Teks Pinilih

### Sekolahanku



Aku Bima. Aku sekolah ing SD Negeri Sukamaju. Sekolahanku manggon ing cedhak lapangan. Ing sakiwa tengene sekolahanku akeh tanduran sing ijo royo-royo. Sekolahanku katon asri. Aku seneng sekolah ing SD Sukamaju. Lingkungane nyenengake banget.

Ing SD Sukamaju ana kantine. Murid-murid yen tuku jajan cukup ing kantin sekolah. Jajan sing didol resik lan sehat. Jinise akeh. Ing kantin uga nyediyakake banyu ngombe.

Latare sekolahanku jembar. Papan kanggo dolanan para siswa ing wayah ngaso. Uga kanggo upacara ing saben dina Senen lan pengetan Hari Besar Nasional.

SD Sukamaju duwe taman sekolah. Tandurane werna-werna. Kejaba kembang uga ana tanduran toga (tanaman obat keluarga). Tandurane subur lan katon seger. Kabeh warga sekolah duwe tanggung jawab ngrumat tanduran. Mula SD Sukamaju oleh penghargaan minangka sekolah Adiwiyata. Aku seneng sekolah ing SD Sukamaju.

**Kawruh sapala**

| | |
|---|---|
| ijo royo-royo | = ijo banget |
| asri | = endah, apik |
| kantin | = warung sekolah |

| | |
|---|---|
| jembar | = amba |
| wayah | = wektu |
| ngaso | = istirahat |
| toga | = tanduran obat keluarga |
| ngrumat | = ngopeni |
| sekolah adiwiyata | = sekolah sing duwe wawasan lingkungan |

## Gladhen 1: Mangsuli Pitakonan Isine Wacan

**Wangsulana pitakon-pitakon iki!**

1. Bima sekolah ing ngendi?

   ..............................................................

2. Sekolahane Bima cedhak apa?

   ..............................................................

3. Sekolahane Bima katon piye?

   ..............................................................

4. Ing SD Sukamaju ana apane?

   ..............................................................

5. SD Sukamaju oleh penghargaan apa?

   ..............................................................

## Gladhen 2: Ngganepi Ukara

**Ukara iki genepana kanthi milih tembung sing cocog sing wis sumadiya ing ngisor!**

1. Bima sekolah .................... SD Sukamaju.
2. SD Sukamaju ....................... cedhak ................
3. Sekolahanku katon ................................
4. Murid-murid .......njajan ing ................... sekolah.
5. Latare sekolahanku katon ...............
6. Yen ...............ngaso murid-murid dolanan ing latar.
7. Kabeh..............sekolah duwe ............................ ngrumat tanduran.
8. SD Sukamaju oleh penghargaan.................... sekolah Adiwiyata.
9. Latare sekolahanku ........................................
10. Bima ..................... sekolah ing SD Sukamaju.

**Wangsulan:**
Seneng, warga, pendhudhuk, asri, ing, jembar, tanggung jawab, lapangan, yen, manggon, minangka

## Pasinaon 2:
## Makarya Bebarengan

**Wacan sing diwacakake gurumu rungokna sing premati!**

### Setu Resik



Saben dina Setu, wiwit jam enem SD Sukamaju wis rame. Murid-murid lan guru-guru padha nganggo kaos olah raga. Kabeh nggawa piranti kanggo kerja bakti. Kerja bakti resik-resik sekolahan. Pirantine werna-werna. Ana sapu, timba, cethok, cikrak, lan sulak.

Bima, Roni, lan Tono diutus pak Kardi supaya ngresiki taman. Bocah-bocah wadon tugase nyapu latar lan ngresiki kelas. Kabeh nyambut gawe mempeng banget. Yen sekolahane resik sing manggoni mesthi krasan.

## Gladhen 1: Ngowahi Wacan

Bocah-bocah, wacan ing dhuwur wacanen sepisan maneh. Wacan kasebut bisa diowahi dadi teks pacelathon. Carane gampang, temtokna dhisik isine wacan. Sabanjure temtokna sapa wae paragane. Coba gatekna tuladha iki!

## Setu Resik

Pak Kardi : Bocah-bocah, ayo enggal diwiwiti olehe resik resik.

Toni : Kelas kalih bageyanipun ngresiki Pundi, pak?

Pak Kardi : Bocah-bocah wadon ngresiki kelas lan latar ngarep kelas.

Bima : Lare jaler pak?

Pak Kardi : Bocah-bocah lanang ndherek bapak ngresiki taman.

Murid-murid : Horeee... ayo kerja bakti. Kerja bakti gotong royong bebarengan.

Anik : Pak, Tina mboten mlebet.

Pak Kardi : Lho menyang endi Tina?

Anik : Sakit pak.

Pak Kardi : Muga-muga Tina ndang mari ya cah.

Murid-murid : Inggih pak. Horeee... ayo kerja bakti. Kerja bakti gotong royong

bebarengan.

Pak Kardi : Ora pareng rebutan lo ya, ditindakne bebarengan ben ndang rampung.

Gladhen 2: Mraktekake Pacelathon

Ayo nglumpuka manut klompoke dhewe-dhewe. Teks pacelathon ing dhuwur wacanen maneh lan apalna. Tindakna neng ngarep kelas kaya yen kowe lagi guneman karo kancamu utawa gurumu. Nalika maragakake teks paguneman utawa pacelathon ora pareng isin, bocah pinter kudu kendel. Ayo bocah-bocah dicoba kanthi becik!

## Pasinaon 3: Makarva Mandhiri

Ing ngisor iki ana wacan paguneman utawa pacelathon antarane Pak Kardi guru kelas loro SD Sukamaju lan murid-murid. Basa sing dianggo warna

loro. Pak Kardi ngagem basa ngoko, murid-murid nganggo basa krama. Wacanen sing cetha!

Pak Kardi : Bocah-bocah sesuk dina apa?

Toni : Dinten Setu pak.

Pak Kardi : Saben dina Setu ana kegiyatan apa ing sekolahan?

Murid-murid : Kerja bakti pak......

Bima : Mbenjing kerja bakti malih nggih, pak.

Pak Kardi : Iya ta Bim, sekolahan kene wis duwe program sing jenenge Setu Resik.

Tuti : Mbeta piranti menapa kula, pak?

Pak Kardi : Kaya padatan ta cah, bocah wadon nggawa sulak utawa sapu. Bocah lanang bisa nggawa cethok, sapu, lan cikrak

## Kawruh sapala

| | |
|---|---|
| dinten | = dina |
| mbenjing | = sesuk |
| malih | = maneh |
| mbeta | = nggawa |
| piranti | = alat |
| menapa | = apa |
| kula | = aku |
| padatan | = biasane |

## Gladhen 1: Njlentrehake Isine Wacan Pacelathon

**Wangsulana pitakon-pitakon ngisor iki!**

1. Sapa paraga teks ing dhuwur?
2. Saben dina Setu ing sekolahan ana kegiyatan apa?
3. Ing sekolahane Bima ana program apa?
4. Murid-murid lanang nggawa piranti apa?
5. Murid-murid wadon nggawa piranti apa?

## Gladhen 2: Ngetrapake Unggah-Ungguh

a. Apa kramane?

1. akeh = .......................
2. njaluk = .......................
3. tuku = .......................
4. dikongkon = .......................
5. karo = .......................
6. banyu = .......................
7. mlaku = .......................
8. golek = .......................
9. mangan = .......................
10. golek = .......................

b. Ceceg-ceceg ing ing teks pacelathon ngisor iki genepana. Gunakna unggah-ungguh sing bener!

Pak Gani : Bocah-bocah sugeng enjing.

Murid-murid: ..............................................

Pak Gani : Sesuk dina Setu wayahe .............

Andik : Jam pinten pak mbenjing?

Pak Gani : Jam enem kaya biyasane ta. Aja lali kowe kabeh nggawa .......... kanggo kerja bakti.

Murid-murid: ..............................................

## Gladhen 3: Nulis Teks Pacelathon

Bocah-bocah, wacan sing irah-irahane "Kerja Bakti" mujudake tuladha kahanan ing lingkungan sekolahan. Saiki coba, pengalamanmu karo kanca-kancamu sing tansah koklakoni saben dina ing sekolahan tulisen wujud teks pacelathon utawa paguneman. Aja lali gunakna unggah-ungguh basa sing bener!

..............................................................................

..............................................................................

..............................................................................

..............................................................................

...............................................................................

...............................................................................

...............................................................................

...............................................................................

...............................................................................

...............................................................................

...............................................................................

## GLADHEN WULANGAN 4

### A. Pilihen wangsulan sing paling bener!

Wacanen sing premati teks ngisor iki!

1. Bima sekolah ing SD Negeri Sukamaju. Sekolahane manggon ing cedhak lapangan. Ing sakiwa tengene sekolahan akeh tanduran sing ijo royo-royo. Sekolahane Bima katon asri. Bima seneng sekolah ing SD Sukamaju. Lingkungane nyenengake banget.

   Tembung ijo royo-royo tegese ....

   A. ketel banget

   B. ijo banget

   C. akeh banget

2. Sekolahane Bima katon asri. Asri tegese ....

   A. apik

   B. resik

   C. padhang

3. Wayah ngaso murid-murid padha njajan ing ....

   A. koperasi

B. toko

C. kantin

4. Saben dina Setu ing sekolahanku ana kegiyatan resik-resik. Programe diarani Setu Resik.Kabeh murid nggawa ..... kanggo kerja bakti.

A. piranti

B. wadhah

C. barang

5. Murid-murid padha maca buku ing ....

A. perpustakaan

B. latar

C. koperasi

6. Bapak kepala sekolah .... murid-murid supaya ngati-ngati.

A. ngandhani

B. ngaturi

C. ndhawuhi

7. Saben dina Senen dianakake upacara bendera. Dina kramane ....

A. dinten

B. hari

C. wanci

8. Pak Suhadi anggone teka mesthi paling esuk. Teka kramane ....

   A. dugi

   B. dhateng

   C. rawuh

9. Kelas loro baris ing ngarep perpustakaan. Loro kramane ....

   A. kalih

   B. tiga

   C. sekawan

10. .... sing dadi petugas upacara suk minggu ngarep?

   A. pira

   B. kepriye

   C. sapa

B. Ukara ngisor iki genepana nganggo tembung sing wis sumadiya!

1. Bu Anik : Sapa sing durung .... tugas?
2. Bubar olahraga bocah-bocah .... ing kantin.
3. Dadi siswa kudu sregep ....
4. Kabeh murid kudu.... marang guru.
5. Bocah sing .... bijine ora tau apik.

| njajan, kesed, sregep, sinau, numpuk, tuku, ngajeni |
| --- |

## WULANGAN 5

## URIP RESIK LAN SEHAT

| | |
|---|---|
| **Kompetensi Dasar** | |
| 3.5 | Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks buku harian sederhana tentang kegiatan diri sendiri atau anggota keluarga secara lisan dan tulis. |
| 4.4 | Mengungkapkan teks buku harian sederhana tentang kegiatan diri sendiri atau anggota keluarga secara lisan dan tulis. |
| **Indikator** | |
| 3.5.1 | Mengidentifikasi struktur teks buku harian sederhana |
| 3.5.2 | Menjelaskan unsur kebahasaan dalam teks buku harian sederhana |
| 4.4.1 | Menulis buku harian sederhana tentang kegiatan diri sendiri atau anggota keluarga |
| 4.4.2 | Menceritakan secara lisan isi buku harian tentang kegiatan diri atau anggota keluarga yang sudah ditulis. |

## Mbabar wawasan

Kanggo mbabar wawasan, Bapak/Ibu guru bisa nuntun para siswa nembangake cakepan tembang dolanan ing ngisor iki! Bisaa gawe senenge para siswa, supaya tembang dolanan bisa ngrembaka dadi pakulinan kang mupangati.

### Wajibe Dadi Murid



Wajibe dadi murid
Ora kena pijer pamit
Kejaba yen lara, lara tenanan
Ra kena ethok-ethokan

Yen wis mari bali neng pamulangan
Ja nganti mbolos-bolosan
Mundhak dadi bocah bodho
Plonga-plongo kaya kebo

Cakepan tembang ing dhuwur nggambarake kepriye kewajibane para siswa nindakake kegiyatan ing saben dinane.

**Sawise nembangake tembang dolanan, saiki wacanen jero batin pacelathon ing ngisor iki!**

**PIKET KELAS**



Rini : Sri, dina sesuk awake dhewe kan piket kelas.

Sri : Oh iya bener, Rin.

Rini : Sesuk budhale sing luwih esuk ya!

Sri : Ya, budhal saka ngomah bareng bae.

Rini : Ngendikane bu Guru, piket kelas iku penting.

Sri : Iya, pancen bener. Supaya kelas tetep resik.

Rini : Yen kelas resik, murid-murid sehat lan krasan.

Sri : Ing omah ya padha bae, kudu tansah resik.

Rini : Ya. Supaya keluarga neng omah dadi sehat.

Sri : Yen resik lan sehat, urip dadi seneng.

**Sawise maca batin, sabanjure tirokna ukara sing diwaca gurumu!**

| |
|---|
| 1. Rini lan Sri giliran piket kelas. |
| 2. Sesuk kudu budhal luwih esuk |

3. Rini lan Sri budhal sekolah bebarengan.
4. Piket kelas iku penting.
5. Supaya kelas tetep resik lan rapi.
6. Murid-murid kudu sehat.
7. Murid-murid kudu sregep sinau.
8. Omah uga kudu resik lan rapi.
9. Supaya keluarga dadi séhat.
10. Yen bersih lan sehat, urip dadi seneng.

## Pasinaon 1

## Modhel Teks Pinilih

**Niteni (ngenali) Teks Cathetan Padinan (*Buku Harian*)**

Buku harian iku cathetan ngenani apa bae sing dialami bocah-bocah ing saben dinane. Gatekna cathetan padinane Rini ing ngisor iki!

Minggu, 14 Pebruari 2016

Dina iku aku (Rini) seneng banget . Kumpul bareng Bapak, Ibu, lan adhikku Bima. Wiwit esuk kerja bakti. Aku bagian nyiram kembang, adhik ngepel jogan, Ibu ngelapi kaca, lan Bapak

## Gladhen 1: Mangsuli Pitakon Isine Wacan

**Wangsulana kanthi patitis!**

1. Sapa sing nulis buku harian ing dhuwur?
2. Kapan buku harian mau ditulis?
3. Apa sing nyebabake atine Rini seneng?
4. Apa sing lagi ditindakake Rini?
5. Apa sing ditindakake Bima?

Wacan ing dhuwur diarani *buku harian*, yaiku buku cathetan kegiatan padinan.

*Buku harian* nggambarake kegiatan saben dina. Ing jerone dicathet prastawa kang dumadi wiwit dina kapan, tanggal pira, lan kedadeane kepriye?

Kedadean sing dicathet dipilih sing paling wigati, bisa amarga kedadeane nyenengake, bisa amarga nyusahake, nrenyuhake, ngisinake bisa uga kedadeyan kang mangkelake.

Kabeh kedadean iku dadi crita ing tembe buri.

## Gladhen 2: Jangkepi Wacan Ngenani Kegiatan Padinan

**Jangkepana wacan ngenani kegiatan padinan kulawargane Rini ing ngisor iki!**

Dina minggu kulawargane Rini ....................
..............................................



Bapak lagi maprasi ...................
...............................



Ibu ngelapi ...................................
........................................



Bima lagi ......................................
..................



Rini oleh tugas ...................................
................

## Pasinaon 2:
## Makarya Bebarengan

### Basa Ngoko Lugu lan Ngoko Alus

Gatekna tuladha ing ngisor iki!

1. Adhik wis rampung *ngombe* obat (ngoko lugu)

   Bapak wis rampung *ngunjuk* obat (ngoko alus)

2. Lestari *tuku* sega pecel (ngoko lugu)

Budhe Rahayu *mundhut* sega pecel (ngoko alus)

Basa ngoko lugu kabeh tembunge ngoko.

Dene, basa ngoko alus (ngoko andhap) tembunge ngoko dicampur tembung krama inggil. Gunane kanggo ngurmati.

- ngombe (ngoko) = ngunjuk (krama inggil)
- tuku (ngoko) = mundhut (krama inggil)

**Gladhen 1**: Milih Tembung Ngoko lan Tembung Krama

**Tembung jero kurung ing ukara ngisor iki pilihen miturut unggah-ungguh basane!**



1. Bima lagi (adus, siram) ing kolah.

2. Ibu (*tuku, tumbas, mundhut*) trigu kanggo gawe roti.
3. Hartono (lunga, kesah, tindak) menyang Besuki.
4. Pak Marwan wis (adus, siram) dhisik sadurunge aku (adus, siram).
5. (Omahe, griyane, daleme) Bu Narsih ing jalan Sedhap Malam nomer 17.
6. Firman (diceluk, diaturi, ditimbali) Budhe Ratmi.

## Pasinaon 3:
## Makarya Mandhiri

**Crita Kegiatan Padinan Bebarengan**

Dina iku  senin, 11 April 2016.

Jam lima Rini wis tangi turu.

Sabanjure adus ngresiki awake.

Ora lali nindakake sholat subuh.

Banjur ngringkesi buku sing mari dianggo sinau.

Rini dandan nganggo seragam.

Rini lan keluwargane sarapan bebarengan.

Sawise rampung Rini budhal sekolah.









## Gladhen 1: Njangkepi Ukara

**ut gambar ing dhuwur!**

Jam lima Rini ..............................

Sawise adus lan wudhu Rini nindakake .....................

Sabaniure Rini ..................................

Rini dandan nganggo .........................

Rini lan keluwargane ...................................

Sawise sarapan Rini ................................

Ora lali salim lan nyuwun pamit marang ......................

**Rungokna teks kang diwaca kancamu iki!**

## KULINA URIP RESIK LAN SEHAT

Pak Wibawa daleme ing kampung Tamansari. Daleme asri lan pekarangane jembar. Ing pekarangan dikebaki tanduran maneka warna. Ana tanduran pelem, sawo, lan rambutan. Uga ditanduri sayur-sayuran. Ana kacang, sawi, bayem lan kemangi. Kabeh migunani kanggo nyukupi kebutuhan. Saben dina Minggu kulawargane Pak Wibawa kerja bakti. Gotong



royong ngresiki omah lan pekarangan. Rini, putrane Pak Wibawa sing mbarep nyapu latar. Pak Wibawa lan Bima nyirami tanduran. Dene Bu Dewi olah-olah kanggo nyiapi sarapan. Jam sanga kabeh panggaweyane wis rampung. Pak Wibawa, Bu Dewi, Rini, lan Bima sarapan bebarengan. Nikmati panganan sehat asil saka pekarangan.

## Gladhen 2: Nerangake Isine Wacan

**Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Ing ngendi daleme pak Wibawa?
   Daleme pak Wibawa ing .........................
2. Apa bae sing ditandur ing pekarangane pak Wibawa?
   Pekarangane pak Wibawa ditanduri .............
3. Pekarangane pak Wibawa uga ditanduri sayuran apa bae?
   Ing pekarangan ditanduri sayuran .............

4. Sapa sing lagi nyapu latar?

   Sing lagi nyapu latar ........................................

5. Pak Wibawa lan Bima lagi nyangapa?

   Pak wibawa lan Bima lagi ..........................

6. Sapa sing lagi nyiapi sarapan?

   Sing lagi nyiapi sarapan yaiku ...................

## GLADHEN
## WULANGAN 5

**Kanggo nggarap soal wacanen kanthi permati!**

**NATA OMAH**

Rini : Dhik, ayo resik-resik lan nata omah kareben tumata.

Bima : Iya, mbak. Ayo bebarengan nata omah mumpung dina minggu. Dadi wektune rada longgar.

Rini : Aku nyaponi kamar paturon, bale, lan pawon. Kowe nyapu latar lan nyirami kembang ya!

Bima : Iya, mbak. O... iya yen wis rampung nyapu lan sulak-sulak, mengko jobine dipel bebarengan ya.

Rini : Jebule pinter tenan adhiku. Ning ngati-ati yen nyirami adenium sing isih cilik alon-

alon bae! Disiram nganggo semprotan cilik kuwi bae ya!

Bima : Iya... mbak, wis ta! Ayo enggal reresik omah!

Rini : Yen omahe wis tumata rapi lan resik, Bapak Ibu mesthi rena penggalihe.

**Pilihen wangsulan kang bener!**

1. Sapa sing lagi kerja bakti nata omah? ....
   A. Rini
   B. Bima
   C. Rini lan Bima
2. Rini kebagian ngresiki apa? ....
   A. taman lan latar
   B. nyirami kembang
   C. nyapu kamar lan pawon
3. Dene Bima bagean nindakake apa? ....
   A. nggawe taman
   B. nyiram kembang
   C. nyapu kamar lan pawon

4. Kapan anggone Rini lan Bima resik-resik omah?

   ....

   A. saben dina

   B. dina minggu

   C. sabena awan

5. Yen omahe wis tumata rapi lan resik, Bapak Ibu mesthi rena penggalihe. Rena tegese ....

   A. sumpek

   B. seneng

   C. susah

6. Ing latar ngarep omah apike ditanduri ....

   A. suket

   B. pari

   C. kembang

7. Ing pekarangan buri omah apike ditanduri....

   A. suket

   B. pari

   C. woh-wohan

8. Ing pekarangan sekolah apike ditanduri ..................
   A. suket
   B. woh-wohan
   C. kembang
9. Ing sawah apike ditanduri ....
   A. suket
   B. pari
   C. kembang
10. Ing pinggir dalan apike ditanduri ....
   A. suket
   B. pari
   C. wit-witan

## WULANGAN 6

## BANYU, BUMI, LAN SRENGENGE

| KOMPETENSI DASAR | |
|---|---|
| 3.4 | Mengenal dan memahami teks permintaan maaf dan sikap hidup rukun di lingkungan keluarga dan teman secara lisan dantulis. |
| 4.5 | Memperagakan teks permintaan maaf dan sikap hidup rukun di lingkungan keluarga dan teman secara lisan dantulis. |
| **Indikator** | |
| 3.4.1 | Mengidentifikasi teks permintaan maaf di lingkungan keluarga dan teman |
| 3.4.2 | Mengidentifikasi teks sikap hidup rukun di lingkungan keluarga dan teman |
| 3.4.3 | Menjelaskan arti kata sulit dalam teks |
| 3.4.4 | Menjelaskan isi teks. |
| 4.5.1 | Memperagakan teks percakapan yang berisi permintaan maaf dan sikap hidup rukun |
| 4.5.2 | Menceritakan secara lisan contoh sikap hidup rukun di lingkungan keluarga dan teman |

## Mbabar wawasan

**Wacan ngenani "Banyu, Bumi lan Srengenge" ngisor iki wacanen kanthi permati!**



Kita kabeh butuh banyu.

Banyu kanggo ngombe, masak, lan adus.

Banyu kanggo umbah-umbah lan korah-korah.

Kewan lan tetuwuhan uga mbutuhake banyu.

Kita kabeh manggon ing salumahe bumi.

Panggonan uripe manungsa kewan lan tetuwuhan.

Mula bumi kudu tansah dijaga murih lestari.

Supaya bisa nyukupi butuhe manungsa.

Ing angkasa katon srengenge sumunar.
Sunare madhangi bumi lan saisine.
Yen esuk mlethek ing sisih wetan.
Srengenge dadi sumber panguripan.
Panguripan tumrap manungsa, kewan, lan tetuwuhan
Yen sore angslup ing sisih kulon.

**Wangsulana Pitakon ing ngisor iki!**

1. Kita kabeh mbutuhake apa?
2. Banyu digunakake kanggo apa?
3. Saliyane manungsa sapa bae sing mbutuhake banyu?
4. Kita kabeh manggon ing ngendi?
5. Kewan lan wit-witan urip ana ing ngendi?
6. Bumi kudu dijaga murih apa?
7. Kapan srengenge katon sumunar?

8. Yen wayah esuk srengengene mlethek ing sisih ngendi?
9. Apa sebabe srengenge diarani sumber panguripan?
10. Yen wayah sore srengengene angslup ing sisih ngendi?

## Pasinaon 1

### Modhel Teks Pinilih

**Pacelathon ngisor iki wacanen bebarengan kanthi premati!**

### MANCING ING BLUMBANG

Sore iku Bima lan Bambang janjian arep mancing bebarengan ing blumbang cedhak omahe. Sawise ganti penganggo lan mangan, Bima age-age nyiapake ubarampe kanggo mancing. Sawise kabeh siap, wis ganti penganggo, mari sholat, lan mangan Bima

enggal-enggal tumuju blumbang kang ora adoh saka omahe. Nanging pranyata Bambang durung teka.



Bima : Elho...., wis yah mene Bambang kok durung teka.

Bambang : Pangapurane Bim, tekaku telat, amarga dikongkon ngrewangi korah-korah karo emak.

Bima : Iya Mbang, ora dadi apa. Korah-korahe wis mari apa durung?

Bambang : Alhamdulillah, wis mari. Ayo saiki enggal mancing, selak kewengen!

Bima : Iya Mbang, aku ya njaluk ngapura, amarga wis cubriya, dakkira awakmu ora netepi janji.

Bambang : Ora Bim, kanggoku janji iku utang kang kudu daktepati.

Bocah loro padha mancing bebarengan. Nganti ora krasa, pranyata srengengene wis meh angslup.

**Kawruh sapala**

| | |
|---|---|
| blumbang | = kolam |
| ubarampe | = prabotan, piranti, alat |
| korah-korah | = isah-isah |
| ngrewangi | = bantu |
| njaluk ngapura | = njaluk maaf |
| cubriya | = curiga |

## Gladhen 1: Mangsuli Pitakon Isine Wacan

**Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!**

1. Sapa sing sore iku janjian arep mancing bebarengan?
2. Ing ngendi anggone arep mancing Bima lan Bambang?

3. Bima nyiapake apa kanggo mancing?
4. Sapa sing teka luwih dhisik ana ing blumbang?
5. Geneya Bambang tekane  telat?
6. Apa sing ditindakake Bambang sawise ngerti tekane telat?
7. Kepriye tanggapane Bima sawise Bambang njaluk ngapura?
8. Geneya Bima  uga njaluk ngapura marang Bambang?
9. Miturut Bambang janji iku kudu diapakake?
10. Nganti wayah kapan anggone mancing Bima lan Bambang?

## Gladhen 2: Ngidhentifikasi Teks Panyuwunan Ngapura

Kabeh wong mesthi tau nindakake kaluputan, disengaja utawa ora disengaja. Ana ing pasrawungan kita kerep nindakake keluputan. Saben nindakake luput mesthine kudu njaluk ngapura. Ngakoni  kaluputan lan nyuwun

pangapura iku ditindakake kanggo njaga karukunan sajrone urip bebarengan.

Ing pacelathon, Bambang tumindak luput marang Bima, amarga telat anggone teka ing blumbang panggonan mancing. Mula, Bambang njaluk ngapura marang Bima. Coba gatekna ukara ing ngisor iki!

Bambang : Pangapurane Bim, tekaku telat, amarga dikongkon ngrewangi korah-korah karo emak.

Bocah-bocah mesthi tau nindakake kaluputan. Coba, kepriye yen njaluk ngapura marang liyan, tulisen kaya tuladha ing dhuwur!

1. ...........................................................

...........................................................

2. ...........................................................

...........................................................

3. ..........................................................

..........................................................

4. ..........................................................

..........................................................

## Gladhen 3: Mengidhentifikasi Teks Sikap Urip Rukun

Ana sesanti ing masyarakat Jawa ”rukun agawe sentosa, crah agawe bubrah”. Kanggo njaga karukunan salah sijine yaiku gelem ngakoni luput lan njaluk ngapura yen tumindak luput.

Semaken teks ing ngisor iki!

### NJAGA KARUKUNAN

Karesikan lan kaendahan iku salah sijine kunci katentreman. Lingkungan kang resik, endah, lan asri uga nyengkuyung kesehatan masyarakate. Mula

kanggo njaga karesikan kita nindakake kerja bakti. Kerja bakti ing RT ne Pak Wibawa ditindakake saben rong minggu pisan. Penere ing minggu kapindho lan kapapat saben wulan.

Kerja bakti uga mujudake sarana kanggo njaga karukunan. Masyarakat gotong royong bebarengan reresik lingkungan supaya tetep asri lan bebas saka penyakit. Sing diresiki ora mung got, nanging uga wit-witan sing ngrembuyung dipaprasi pang lan godhonge. Bocah-bocah uga akeh kang melu ngrewangi, kalebu Bima lan Dimas.

Bocah-bocah wadon padha ngrewangi para ibu nyiapake omben-omben lan jajanan. Anggone makarya kanthi rukun diselingi karo guyonan lan tetembangan. Ora ana sing tukar padu. Kabeh katon gumbira, saengga ora krasa kesel.

Bocah-bocah mesthine kerep tumindak njaga karukunan. Coba, wacanen maneh teks ing dhuwur, gawea ukara kang medharake bab karukunan!

Ukara kang medharake karukunan:

Tuladha:

- Mula kanggo njaga karesikan kita nindakake kerja bakti.

1. ..................................................
2. ..................................................
3. ..................................................
4. ..................................................
5. ..................................................

## Pasinaon 2:
## Makarya Bebarengan

Nindakake Pacelathon Manut Unggah-Ungguh

### Gladhen 1: Maragakake Teks Pacelathon

**Pacelathon ngisor iki tindakna kanthi pocapan kang trep karo kancamu!**

Pak Wibawa : Lho Rin, yah mene kok lagi mulih

sekolah?

Rini : Inggih Pak, nyuwun ngapunten, taksih wonten perlu kaliyan kanca.

Pak Wibawa : Lha kapan anggonmu unggah-unggahan?

Rini : Dinten Sabtu ngajeng Pak!

Pak Wibawa : Lha banjur sapa sing kudu njupuk raportmu?

Rini : Lha nggih Bapak ta, sinten malih?

Pak Wibawa : Kowe sesuk melu sekolah apa ora?

Rini : Sedaya murid kedah ndherek sekolah pak.

Pak Wibawa : Sesuk raportane jam pira?

Rini : Jam sanga kedah sampun wonten sekolah pak!

Pak Wibawa : Yen ngono sesuk kowe kudu tangi luwih esuk, supaya ora telat tekan sekolah.

Manut unggah-ungguhe, tembung Jawa kaperang dadi tembung ngoko, madya, krama inggil, lan krama andhap.

**Gatekna tabel ing ngisor iki!**

| No. | Ngoko | Madya/krama | Krama inggil | Krama andhap |
|---|---|---|---|---|
| 1. | lunga | kesah | tindak | - |
| 2. | mangan | nedha | dhahar | - |
| 3. | tuku | tumbas | mundhut | - |
| 4. | njaluk | nedhi/nedha | mundhut | nyuwun |
| 5. | kandha | sanjang | ngendika | matur |
| 6. | kowe | sampeyan | panjenengan | - |
| 7. | nggawa | mbeta | ngasta | - |
| 8. | diwenehi | dipunsukani | dipunaturi | dipunparingi |
| 9. | adus | - | siram | - |
| 10 | waras | saras | dhangan | - |
| 11 | teka | dugi | rawuh | - |
| 12 | nonton | ningali | mirsani | - |

Katrangan:

Tembung ngoko : mung digunakake kanggo basa ngoko

Madya/krama : digunakake tumrap awake dhewe

Krama inggil : digunakake kanggo ngurmati wong liya

Krama andhap : digunakake kanggo ngasorake awake dhewe

Tuladha:

1. a. Adhik sampun *nedha.* (mangan)
   b. Bapak sampun *dhahar*. (mangan)
2. a. Sakit kula sampun *saras.* (waras)
   b. Gerahipun Eyang sampun *dhangan*. (waras)

## Gladhen 2: Ngetrapake Unggah-Ungguh Basa

**Isenana nganggo tembung sing bener!**

1. Adhik sampun ......, Pakdhe ugi sampun .............
   (teka)
2. Kula ....... bal-balan, Bapak .......... wayang.
   (nonton)
3. Budin sampun ......, dene Ibu dereng .......
   (mulih)
4. Adhik ........ dhateng peken, Pakdhe .........
   dhateng kantor. (lunga)

5. Sumardi ...... sepatu, Budhe ...... sandhal. (tuku)
6. Bima ....... roti, dene simbah ........... kenthang. (mangan)
7. Amarga kekeselen adhiku ....... , dene bapak ........... ana kamar. (turu)
8. Bu Tari ....... dhateng Madiun, nalika aku ........ menyang sekolahan. (lunga)
9. Bocah-bocah padha ......... jajan, dene bapak ibu guru ....... dhaharan. (nggawa)
10. Pak Wibawa ........ koran, rikala aku ...... buku dongeng.

## Pasinaon 3:
## Makarya Mandhiri

Nyritakake Kahanan Miturut Gambar Kanthi Mandiri

### Gladhen 1: Nyocogake Gambar

**Pilihen ukara kang cocok karo gambar!**

| | |
|---|---|
|  | a. Bima lagi sinau.<br>b. Bima lagi adus.<br>c. Bima lagi siram. |
|  | a. Rini lagi nulis.<br>b. Rini lagi maca.<br>c. Rini lagi turu. |

| | |
|---|---|
| | a. Bima ngundha layangan.<br>b. Bima lagi lungguh.<br>c. Bima oyak-oyakan. |
| | a. Bima mlayu.<br>b. Bima lungguh.<br>c. Bima ngadeg. |
| | a. Rini tangi turu.<br>b. Rini lungguh.<br>c. Rini nyapu. |
| | a. Bima lan Rini budhal sekolah.<br>b. Bima lan Rini menyang pasar.<br>c. Bima lan Rini lagi dolanan. |

| | |
|---|---|
|  | b. Bima lagi ngombe.<br>c. Bima lagi ngunjuk.<br>d. Bima lagi dhahar. |
|  | a. Bima bebarengan kanca-kancane.<br>b. Bima dolanan ing omah.<br>c. Bima dituturi Bapak Ibune. |

## Gladhen 2: Nulis Pengalaman Pribadhi

Tumindak rukun mujudakake perangan saka kabudayan Jawa. Coba, ana ngomah nyuwuna warah bapak utawa ibumu ngenani tumindak rukun kang koklakoni saben dinane. Tulisen critamu, banjur aturna gurumu!

# GLADHEN WULANGAN 6

**A. Jangkepana ukara ing ngisor cocok karo gambare!**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | | Rini lagi ............... |
| 2 | | Rini lan Bima .................. |
| 3 | | Rini lagi maca ................... |

| | | |
|---|---|---|
| **4** | | Saben sore Rini ..................... |
| **5** | | Minggu esuk Rini, Bima lan kanca-kancane ......................... |

**B. Kanggo mangsuli soal nomer 6 – 15 wacanen wacan ngisor iki kanthi permati!**

**UDAN-UDANAN**

Wiwit esuk udane nggrejeh.

Bima lan kanca-kancane udan-udanan.

Ana Rudi, Parmin, lan Hanafi.

Jam sepuluh lagi padha mulih.

Bima didukani bapak ibune.

Bengine awake Bima panas.

Watuk terus-terusan ora bisa turu.

Bima diajak Ibune menyang dokter.

Dheweke dipriksa kanthi tliti.

Bima disuntik lan diparingi resep pak dokter.

Mulihe mampir apotek kanggo nebus obat.

Sawise ngombe obat Bima banjur turu.

6. Wiwit esuk udane nggrejeh. Nggrejeh tegese....
   A. enggal terang
   B. ora terang-terang
   C. gremis
7. Sing udan-udanan ....
   A. Bima
   B. Pak Wibawa
   C. Rini
8. Bima didukani bapak ibune ....
   A. amarga ora enggal bali
   B. amarga udan-udanan
   C. amarga awake panas

9. Bima awake panas ....

   A. amarga mari ngombe obat

   B. amarga udan-udanan

   C. amarga diajak menyang dokter

10. Bima diajak ibune menyang ....

   A. menyang dokter

   B. menyang sawah

   C. menyang toko

11. Karo pak dokter Bima ....

   A. disuntik

   B. dipanasi

   C. dituturi

12. Bima disuntik lan diparingi resep. Resep iku ....

   A. cathetan obat

   B. regane obat

   C. obat-obatan

13. Papan kanggo nebus obat arane .......

A. pasar

B. warung

C. apotek

14. Sawise ngombe obat Bima banjur ....

A. turu

B. mangan

C. udan-udanan

15. Mulihe mampir apotek kanggo nebus obat.

Tembung nebus tegese ....

A. njupuk

B. ijol

C. tuku

**WULANGAN 7**

**KARANG KITRI**

| Kompetensi Dasar | |
|---|---|
| 3.5 | Mengenal dan memahami teks *tembang dolanan* |
| 4.6 | Melagukan *tembang dolanan.* |
| **Indikator** | |
| *3.5.1*<br>3.5.2 | Menjelaskan arti kata sulit dalam *tembang dolanan.*<br>Menjelaskan isi *tembang dolanan*. |
| 4.6.1<br>4.6.2<br>4.6.3 | Membaca nyaring *tembang dolanan*.<br>Melagukan *tembang dolanan* dengan bimbingan guru<br>Menceritakan secara lisan isi teks *tembang dolanan.* |

Ibu utawa Bapak Guru kudu bisa paring bimbingan supaya para siswa nduweni rasa seneng kanggo sinau Basa Jawa. Diwiwiti kanthi nyemak gambar, banjur nyritakake isine gambar. Guru kudu tlaten amarga mesthi ana bocah sing durung bisa maca utawa malah durung kenal aksara.

## Mbabar wawasan

**Gatekna gambar ing ngisor iki!**



Gambar apa kang ana ing dhuwur?

Tanduran apa bae kang katon ana ing gambar?

Apa bae kang bisa urip ing jero blumbang?

Sapa sing nyiptakake kabeh mau?

Bener! Manungsa, tanduran, lan kewan iku asil ciptane Gusti Kang Maha Agung. Tanduran lan kewan diciptakake kanggo nyukupi kebutuhane manungsa.

## Pasinaon 1

## Modhel Teks Pinilih

### Tetepungan Karo Tembang Dolanan

Bapak lan Ibu Guru dijaluk bisa nuntun para siswa nglagokake bebarengan tembang dolanan ing ngisor iki:

**Kucingku Telu**

Kucingku telu  
Kabeh lemu-lemu  
Sing siji abang,



Sing loro klawu

Meang-meong

dakpakani lonthong

Kucingku mangan

kancaku ndomblong

**Kawruh sapala**

| | |
|---|---|
| telu | : tiga |
| lemu | : awake gedhe |
| klawu | : jinise warna |
| lonthong | : jinise panganan dibungkus godhong |
| ndomblong | : ngowoh, bengong |

## Gladhen 1: Mangsuli Pitakonan Isine Wacan


**Wangsulana kanthi permati!**

1. Kucingku ana pira?
2. Sing siji wernane kepriye?
3. Sing kaloro wernane kepriye?
4. Kucingku swarane kepriye?

5. Kucingku dipakani apa?

Wacan ing dhuwur iku wujud tembang dolanan. Diarani tembang dolanan amarga ditembangake nalika bocah padha dolanan bareng kanca-kancane. Tembang dolanan ngemu pitutur kang becik. Cocog kanggo ndhedher kabecikan. Kanggo pasinaon coba tembangna tembang dolanan ing ngisor iki!

**1. Jago Kluruk**



Ing wayah esuk, jagone kluruk
Rame swarane pating kemruyuk
Wadhuh senenge sedulur tani
Bebarengan padha nandur pari

Srengenge nyunar kulon prenahe


Manuke ngoceh ana wit-witan
Pating cemruwit rame swarane
tambah asri donya saisine.

**Wangsulana Kanthi Patitis!**

1. Kapan wektu anggone jago kluruk?
2. Kepriye swarane jago kluruk?
3. Sapa sing bebarengan nandur pari?
4. Manuke ngoceh ing ngendi?
5. Kepriye swarane manuk ngoceh?

## Gladhen 2: Negesi Tembung

### 2. Kembang Jagung



kembang jagung, omah
kampung pinggir lurung,
jejer telu, sing tengah
bakal omahku,
gempa munggah guwa,
mudhun nang bon raja,
methik kembang soka, dicaoske kanjeng rama,

maju kowe tatu...mundur kowe ajur,

jokna sak balamu ora wedi sudukanmu,

iki lo dhadha satria,

iki lo dhadha janaka...

## Kawruh sapala

| | |
|---|---|
| lurung | : dalan cilik |
| gempo | : sebutan wong lanang kang rosa |
| guwa | : lorong ing jero lemah/bumi |
| bon raja | : arane panggonan |
| bala | : kanca |

### 3. Paman Tukang Kayu



Paman tukang kayu

Pripun solah ndika

nggraji kayu.

*Srok drung drung srok pung*

*Srok drung drung srok gung*

Paman tukang kayu

Pripun solah dhika nggraji kayu
*Srok drung drung srok pung*
*Srok drung drung srok gung*

Paman tukang kayu
Pripun solah dhika natah kayu
*Tek dung dung tek pung*
*Tek dung dung tek gung*

Paman tukang kayu
Pripun solah ndika masah kayu
*Srek dung dung srek pung*
*Srek dung dung srek gung*

Paman tukang kayu
Pripun solah ndika ngethok kayu
*Tok dung dung tok pung*
*Tok dung dung tok gung*

**Kawruh sapala**

| | |
|---|---|
| solah | : cara, usaha |
| ndika | : kowe |

| | |
|---|---|
| nggraji | : motong/mbelah nganggo graji |
| masrah | : ngalusi kayu nganggo pasrah |
| ngethok | : motong |
| maku | : nyambung/ngraketake kayu nganggo paku |
| nggorok | : motong nganggo gorok |

**Tembung ngisor iki terangna tegese, banjur gawenen ukara prasaja!**

Tuladha:

- Ngethok = motong nganggo arit utawa lading
  Ukara =
  Pak Wibawa ngethoki pang-pang garing.

**Gawenen kaya tuladha!**

| No. | Tembung lan Ukarane |
|---|---|
| 1. | lurung = ..........................................<br>ukara = .......................................... |
| 2. | bala = ............................................<br>ukara = ............................................ |

| | |
|---|---|
| 3. | guwa = ........................................<br>ukara = ....................................... |
| 4. | nggraji = ........................................<br>ukara = ........................................ |
| 5. | methik = .......................................<br>ukara = ....................................... |

## Pasinaon 2:
## Makarya Bebarengan

### Gladhen 1: Nembang Dolanan

**Tembangna bebarengan!**

**AYO KANCA**

Ayo kanca dolanan ing njaba,
padhang bulan padhange kaya rina,

rembulane sing ngawe-
awe,
ngelingake aja padha
turu sore.

Ayo kanca enggala siyaga,
buku, potlot, garisan wis sumadya,
kae srengenge sing ngawe-awe,
ngelingake aja lali kewajibane.

Ayo kanca sinau sing tata,
niat suci aja wedi rekasa,
nyamektakake jiwa ragane,
nengenake jujur sregep ing panggawe.

Ayo kanca sinau tata krama,
andhap asor, lembah manah, lan nrima,
tepasalira diutamakne,
kanggo nggayuh urip mulya ing tembene.

Ayo kanca tansaha dedonga,
maring alloh ingkang maha kuwasa,
julig culika tinebihake,
ginanjara slamet ing sakabehane.

**Kawruh sapala**

| | |
|---|---|
| ngelingake | : ndadekake eling |
| rekasa | : susah-payah |
| nyamektakake | : nyiapake |
| nengenake | : mentingake |
| andhap asor | : lembah manah, sopan, santun |
| tepa slira | : nepakake marang awake dhewe |
| culika | : julig, licik |
| ginanjar | : diparingi |

## Gladhen 2: Nggenepi Ukara

**Titik-titik ing ngisor iki jangkepana kaya unine cakepan tembang ing dhuwur!**

Ayo kanca dolanan [ ]
Padhang bulan padhange [ ]

Rembulane sing

Ngelingake aja pada

Ayo kanca sinau

Andhap asor,

Tepasalira,

Kanggo nggayuh

Tembang dolanan iku ngandhut pitutur warna-warna. Bisa kanggo tuntunan lan mbentuk kapribaden kang becik. Mula penting banget kanggo diuri-uri lan dilestarekake.

## Pasinaon 3: Makarya Mandhiri

### Gladhen 1: Nembang Dolanan

Kanthi dituntun Bapak utawa Ibu Guru, tembangna cakepan iki!

## Gethuk

Sore-sore padhang bulan
Ayo kanca padha dolanan
Rene-rene bebarengan
Rame-rame e dha gegojegan
Kae-kae rembulane
Yen disawang kok ngawe-awe
Kaya-kaya ngelingake
Kanca-kanca aja turu sore-sore
Gethuk asale saka tela
Mata ngantuk iku tambane apa
Gethuk asale saka tela
Yen ra mathuk atine rada gela
Ja ngono mas aja-aja ngono
Kadhung janji mas
Aku mengko gela

Gladhen 2: Nyritakake Isine Tembang Dolanan

Senadyan kanggo dolanan, tembang dolanan iku nduweni crita utawa isi. Coba, nyuwuna warah marang bapak, ibu, kangmas, utawa mbakyumu ana ngomah apa isine tembang ”Gethuk” mau!

Garapan omah:

.............................................................................

.............................................................................

.............................................................................

.............................................................................

.............................................................................

## GLADHEN WULANGAN 7

**Kanggo mangsuli soal nomer 1-4 simaken tembang ing ngisor iki!**

**Kodhek Ngorek**

Kodhok ngorek, kodhok ngorek, ngorek ing blumbangan
Theot theblung, theot theblung, theot-theot theblung
Bocah nakal-bocah nakal, njaluk dijamoni
Jamu apa, jamu apa temu lawak pait
Bocah pinter, bocah pinter, besuk dadi dhokter
Tumpakane-tumpakane kapal sing bisa miber

1. Kodhoke ngorek ing ....
   A. sawah
   B. blumbangan
   C. kali

2. Swarane kodhok yaiku ....

   A. cicit cuit

   B. keok-keok

   C. theot theblung

3. Bocah yen nakal njaluk ....

   A. dijiwit

   B. dithothok

   C. dijamoni

4. Jamune bocah nakal ....

   A. kunir asem

   B. beras kencur

   C. temu lawak

Kanggo mangsuli soal nomer 5 – 10, gatekna cakepan tembang "Gajah-Gajah" ngisor iki!

Gajah-gajah,
kowe tak kandhani jah,
mripat kaya laron,
kuping gedhe kaya ilir
kathik nganggo tlale,
buntut cilik..

tansah kopat-kapit,

sikil kaya bumbung,

awak kaya lesung,

mung lakumu megal-megol.

5. Tembang ing dhuwur nyritakake kewan ....
   A. gajah
   B. jaran
   C. jrapah
6. Mripate gajah kaya ....
   A. neker
   B. laron
   C. senter
7. Kupinge gajah kaya ....
   A. cangkir
   B. senthir
   C. ilir
8. Sing kopat-kapit ....
   A. sikile
   B. kupinge
   C. buntute

9. Sikile gajah kaya ....

   A. lesung

   B. bumbung

   C. lumbung

10. Lakune gajah ....

   A. srondhal-srondhol

   B. salang-tunjang

   C. megal-megol

## Daftar Pustaka


Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekspres

Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang KumpulanGeguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi Pekerti.* Klaten: CV Sahabat.

Tim. 1948. *Karti Basa*. Jakarta: Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan.

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S, 1982. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

______ 1953. *Ngerengan Kasusastra DJawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra DJawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. Burat Sari. Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minggon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percetakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta: Elmatera Publishing.

______ 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan Paramadina.

______ 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Sudaryanto (ed). 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto & Pranowo (ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa.* Yogyakarta: badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapat*. Jakarta: PN. Balai Pustaka.

Warsito, S. Mardi. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.

## CATATAN